


REZIDANS NYC YO taks sou pwopriyete


KLAS 1

kay pou
youn
de
twa
fanmi


KI KOTE dola taks ou yo ale?




Ajans Inifòm
(Polis, Ponpye,
Asenisman, Prizon)



Edikasyon



Sante ak
Byennèt



Lòt Ajans
(Transpò, Lojman,
Pak, elatriye)

Nan Vil New York, taks sou pwopriyete reprezante 47% nan tout dola taks vil yo ki kolekte nan ane fiskal 2020 an, ki te fini 30 jen 2020. Tablo sa a montre kòman yo te depanse tout dola taks vil yo.

fason nou kalkile fakti taks sou pwopriyete w la

1
etap

DETÈMINE VALÈ SOU MACHE A

Nou valorize kay ou a lè n sèvi avèk analiz estatistik ki mete ladan done tankou pri resan yo vann pwopriyete ki sanble ak pa w la nan katye w la.

2
etap

DETÈMINE VALÈ KI EVALYE A

Valè evalye yon pwopriyete se yon pousantaj nan valè lè l sou mache a epi yo itilize l, ak ajisteman ki dekri anba a, pou detèmine fakti taks sou pwopriyete a chak ane. Daprè lalwa, valè evalye yon pwopriyete klas 1 pa ka ogmante pou plis pase 6% chak ane oswa 20% sou senk lane, sof si ogmantasyon valè yo se pou nouvo konstriksyon oswa renovasyon. Anplis de sa, valè evalye w la pa ka depase 6% nan valè sou mache kay ou a.

3
etap

APLIKE EGZANSYON NAN DOSYE W LA

Vil New York ofri alèjman taks yo konnen kòm egzansyon pou granmoun aje yo, veteran yo, manm klèje yo, moun ki andikape yo, ak lòt pwopriyetè kay yo. Si w kalifye pou nenpòt nan egzansyon sa yo, nou retire kantite sa yo nan valè evalye pwopriyete w la pou detèmine valè enpozab li yo. (Ale sou www.nyc.gov/ownerexemption pou chèche konnen pou ki alèjman taks ou ka kalifye.)

4
etap

FAKTI TAKS SOU PWOPRIYETE

Nou kalkile montan taks sou pwopriyete ou dwe a lè n aplike tarif taks vil la pou pwopriyete klas 1 yo, yon pousantaj konsèy minisipal la fikse chak ane ki baze, an pati, sou egzijans lwa eta a, nan valè enpozab ou a. Si pwopriyete w la resevwa yon kalite alèjman taks ki rele yon abatman (rediksyon), nou retire li nan fakti w la pou diminye montan total ou dwe a.

egzanp

Kay ki gen yon sèl fanmi. Pwopriyetè a resevwa yon egzansyon taks ak yon abatman (rediksyon)	
Valè sou Mache	714 000 dola
Pousantaj evalyasyon (nan ka sa a, 6% nan valè sou mache a)	x .06
Valè ki Evalye a	42 840 dola
mwens egzansyon	- 2 000 dola
Valè Enpozab	40 840 dola
Pousantaj taks (konsèy minisipal la fikse chak ane)	x .21045
Taks sou pwopriyete anvan abatman (rediksyon)	8 595 dola
mwens rediksyon	- 396 dola
TOTAL TAKS SOU PWOPRIYETE KI DWE PEYE	8 199 dola

1 etap

Valè sou Mache — Evalue Pwopriyete w la

Depatman Finans lan detèmine yon valè sou mache pou pwopriyete klas taks 1 lè l sèvi avèk analiz estatistik ki mete ladan done tankou pri resan yo vann pwopriyete ki sanble ak pa w la nan katye w la. Pwopriyete ki sanble yo se sa yo ki prèske gen menm gwosè, menm estil, ak menm laj ak pa w yo.

KLAS TAKS SOU PWOPRIYETE

Pwopriyete nan Vil New York yo divize an kat (4) klas, yo valorize ak evalue yo chak yon fason diferan daprè lalwa. Klas taks 1 an gen ladan pwopriyete rezidansyèl ki gen youn jiska twa (3) inite. Pou enfòmasyon sou kijan valè sou mache yo detèmine pou pwopriyete klas 2, 3, ak 4, ale sou www.nyc.gov/propertytaxes.



Pwopriyete rezidansyèl ki gen youn jiska twa (3) inite yo



Ekipman konpayi sèvis piblik la ak pwopriyete ki gen franchiz espesyal



Pwopriyete rezidansyèl ki gen plis pase 4 inite, ki gen ladan koperativ ak kondominyòm (pwopriyete a 2)



Tout lòt pwopriyete reyèl, ki gen ladan bilding biwo, faktori, magazen, ak otèl

2

Valè ki Evalye a — Evalye Pwopriyete w la

Valè ki evalye kay ou a se yon pousantaj nan valè sou mache li a. Lalwa eta a limite konbyen valè ki evalye yon pwopriyete klas 1 nan Vil New York ka ogmante. Valè ki evalye w la paka monte plis pase 6% nan yon (1) lane oswa 20% sou senk (2) lane, nenpòt jan valè sou mache kay ou a ap ogmante rapid, sof si ou fè yon chanjman fizik pwopriyete a, tankou si w ajoute yon lòt pati oswa ou fè renovasyon. Akòz limit sa yo, nou evalye pifò pwopriyete klas 1 yo a mwens pase 6%.

Akòz limit sa yo, ou ka jwenn wè valè ki evalye w yo kontinye ap ogmante menm si valè sou mache ou yo ap diminye. Se paske li ka pran plizyè lane pou valè ki evalye a "ratrape" valè sou mache a. Tablo ki anba a montre yon egzanp yon pwopriyete kote valè ki evalye a ogmante menm si valè sou mache a diminye.

POUKISA VALÈ KI EVALYE PWOPRIYETE W LA CHANJE?

Valè ki evalye w la ka chanje pou yon kantite rezon:

- Poukisa valè sou mache pwopriyete w la chanje.
- Ou te fè yon chanjman fizik nan kay la, tankou ou ajoute yon lòt pati oswa ou fè renovasyon, epi chanjman fizik sa yo pa soumèt anba limit anyèl la oswa limit senk (5) lane ogmantasyon nan valè ki evalye w yo pou ane sa a.
- Ou pèdi yon egzansyon oswa abatman taks, oswa valè li te redui.
- Valè ki evalye w la ratrape chanjman anvan nan valè sou mache a, tankou jan sa ye nan tablo ki anba a.

Egzanp yon kay ki gen 1 jiska 3 fanmi	Premye lane	Dezyèm lane	Twazyèm lane
Valè sou Mache	100 000	150 000	140 000
Valè ki Evalye si ogmantasyon yo pa t limite	6 000	9 000	8 400
Valè ki Evalye ak limit sou ogmantasyon	6 000	6 360	6 741



Ekzansyon — Redui Taks sou Pwopriyete w la

Vil New York ofri alèjman taks yo konnen kòm egzansyon pou granmoun aje yo, veteran yo, manm klèje yo, moun ki andikape yo, ak lòt yo. Si yo ba ou yon egzansyon, yo soustrè li nan valè ki evalye kay ou a, diminye valè enpozab ou a. (Yon egzansyon diferan de yon abatman (rediksyon), yon kalite alèjman taks ki diminye taks ou dwe peye apre taks la fin kalkile.) Fakti taks sou pwopriyete mwa jiyè w la montre egzansyon ou pral resevwa pou ane fiskal la apati 1ye jiyè.

JWENN EGZANSYON (YO) K AP BON POU OU A

	STAR (Alèjman Taks Eskolè (School Tax Relief) Basic STAR* (STAR debaz)	STAR* Amelyore	Egzansyon pou Pwopriyètè ki Aje yo (Senior Citizen Homeowners' Exemption, SCHE)	Ekzansyon pou Pwopriyètè Andikape yo (Disabled Homeowners' Exemption, DHE)
KALIFIKASYON	Disponib pou mèt kay, kooperativ, ak kondò ki gen yon revni anyèl 250 000 dola oswa mwens.	Disponib pou mèt kay, kooperativ, ak kondò ki gen plis pase 65 lane ak yon revni anyèl 90 550 dola oswa mwens.	Disponib pou mèt kay ki gen plis pase 65 lane ak yon revni anyèl 58 399 dola oswa mwens.	Disponib pou mèt kay ki andikape epi ki gen yon revni anyèl 58 399 dola oswa mwens.
AVANTAJ	Ekonomi taks: apeprè 300 dola/ane.	Ekonomi taks: apeprè 600 dola/ane	Diminye valè ki evalye a jiska 50%.	Diminye valè ki evalye a jiska 50%.
POU APLIKE	Ale sou www.tax.ny.gov oswa rele (518) 457-2036.	Ale sou www.tax.ny.gov oswa rele (518) 457-2036. (Si w ap resevwa aktyèlman STAR Debaz, ou ka aplike pou E-STAR nan Depatman Finans lan: www.nyc.gov/star .)	Ranpli yon aplikasyon, ki disponib sou www.nyc.gov/sche .	Ranpli yon aplikasyon, ki disponib sou www.nyc.gov/dhe .
DAT LIMIT	15 March	15 March	15 March	15 March

* Nan lane 2016, STAR te chanje dapre lalwa eta a soti nan yon egzansyon taks sou pwopriyete pou rive nan yon kredi taks sou revni. Si w te resevwa egzansyon an nan ane fiskal 2015-16 epi apre ou pèdi li, ou ka aplike nan DOF pou retabli li. Moun aktyèl k ap resevwa egzansyon taks sou pwopriyete STAR la ka kontinye resevwa li. Nouvo aplikan yo dwe aplike nan eta a pou kredi a. Kredi a disponib pou kay ki gen revni anyèl 500 000 dola oswa mwens. Si w kalifye, w ap resevwa kredi a sou fòm yon chèk. Valè an dola kredi a pral jeneralman menm jan ak egzansyon taks sou pwopriyete a.

KALIFIKASYON KONPLÈ AK DETAY AVANTAJ YO DISPONIB SOU WWW.NYC.GOV/FINANCE

Ki diferans ki genyen ant de (2) rediksyon yo?

Ekzansyon

Yon egzansyon diminye valè ki evalye w la anvan yo kalkile ou yo.

Abatman (rediksyon)

Yon abatman (rediksyon) diminye taks ou yo apre yo te deja kalkile yo.

Tanpri ale sou www.nyc.gov/finance pou jwenn enfòmasyon ki pi resan sou egzansyon yo.

Egzansyon pou Veteran	Egzanpsyon pou Andikape ki Viktim de Krim ak Bon Samariten	Ekzanpsyon pou Klèje	
Disponib pou sèten veteran, mari oswa madanm/vèf veteran, ak paran Gold Star.	Viktim krim ak moun ki blese nan eseye anpeche yon krim oswa ede yon viktim. Sivil sèlman. Pwopriyetè dwe te modifye kay la pou akomode andikap la.	Sèten manm klèje a oswa mari oswa madanm sivivan ki pa marye yo.	KALIFIKASYON
Nivo avantaj la varye.	Dedonmajman pou depans renovasyon pou akomode andikap la.	Diminye valè ki evalye kay la jiska 1 500 dola.	AVANTAJ
Ranpli yon aplikasyon, ki disponib sou www.nyc.gov/ownerexemption	Ranpli yon aplikasyon, ki disponib sou www.nyc.gov/ownerexemption	Ranpli yon aplikasyon, ki disponib sou www.nyc.gov/ownerexemption	POU APLIKE
15 March	15 March	15 March	DAT LIMIT

KALIFIKASYON KONPLÈ AK DETAY AVANTAJ YO DISPONIB SOU WWW.NYC.GOV/FINANCE

4 etap

Fakti Taks Chak Ane sou Pwopriyete a — Klas 1

Fakti taks chak ane sou pwopriyete klas 1 ou an ap sanble tankou sa a:

NYC Department of Finance		Statement Details		June 5, 2020 Property Owner 123 45th St. 1-23456-7890 Page 2
Billing Summary	Activity Date	Due Date	Amount	
Outstanding charges including interest and payments			\$0.00	
Finance-Property Tax		01/01/2020	\$1,681.09	
Adopted Tax Rate			\$66.26	
Total amount due			\$1,747.35	
Tax Year Charges Remaining	Activity Date	Due Date	Amount	
Finance-Property Tax		04/01/2020	\$1,681.09	
Adopted Tax Rate			\$66.26	
Total tax year charges remaining			\$1,747.35	
If you want to pay everything you owe by January 2, 2020 please pay.				\$3,488.76
If you pay everything you owe by January 2, 2020, you would save:				\$5.94
How We Calculated Your Property Tax For July 1, 2019 Through June 30, 2020				
Tax class 1 - Small Home, Less Than 4 Families		Tax rate		
Original tax rate billed June 2019		20.919%		
New tax rate		21.167%		
Estimated market value	\$647,000	Billable assessed value	New Tax rate	Taxes
Tax before exemptions and abatements		\$35,107	X 21.167%	= \$7,341
Basic STAR - School Tax Relief		\$-1,470		\$-311**
Tax before abatements				\$7,120
Annual property tax				\$7,120
** This is your NYS STAR tax savings. It cannot increase more than 2% a year. For more information, please visit us at nyc.gov/finance or contact 311.				

● Valè sou Mache

Depatman Finans lan detèmine yon valè sou mache pou pwopriyete klas taks 1 ou a lè l sèvi avèk analiz estatistik ki mete ladan done tankou pri resan yo vann pwopriyete ki sanble ak pa w la nan katye w la. Pwopriyete ki sanble yo se sa yo ki prèske gen menm gwosè, menm estil, ak menm laj ak pa w yo.

● Valè ki Evalye a

Valè ki evalye yon pwopriyete se yon pousantaj nan valè sou mache li a. Daprè lalwa, valè evalye yon pwopriyete klas 1 pa ka ogmante pou plis pase 6% chak ane oswa 20% sou senk lane, sof si ogmantasyon valè yo se poutèt nouvo konstriksyon oswa renovasyon. Anplis de sa, valè evalye w la pa ka depase 6% nan valè sou mache kay ou a.

● Valè Egzansyon

Rediksyon valè ki evalye w la aprè nenpòt ki egzansyon ou resevwa.

● Taks Anvan Abatman (rediksyon)

Valè enpozab kay ou a anvan yo aplike nenpòt rediksyon sou li.

● Pousantaj Taks

Tarif Vil New York takse klas pwopriyete w la. Konsèy minisipal la fikse pousantaj sa a chak ane (ki baze, an pati, sou egzijans lwa eta a) epi li ka chanje.

● Taks sou Popriyete Anyèl

Si w gen nenpòt rediksyon, yo aplike ak soustrè nan kmontan taks ou a pou detèmine fakti taks final sou pwopriyete w la.

Revizyon sou Fason nou Kalkile Taks sou Pwopriyete w la

TAKS SOU PWOPRIYETE ANYÈL = {(VALÈ EVALYE MWENS EGZANSYON) (X) AK POUSANTAJ TAKS} MWENS REDIKSYON

1
etap

VALÈ SOU MACHE:

Nou valorize kay ou a lè n sèvi avèk analiz estatistik ki mete ladan done tankou pri resan yo vann pwopriyete ki sanble ak pa w la nan katye w la.

2
etap

VALÈ KI EVALYE A:

Valè Mache x Nivo Evalyasyon (6%) oswa Valè Limite Evalye

3
etap

EKZANSYON:

Valè Evalye – Ekzansyon = Valè Enpozab

4
etap

TAKS SOU PWOPRIYETE ANYÈL:

Valè Enpozab x Pousantaj Taks – Abatmant

peye fakti taks sou pwopriyete w la

Yo voye fakti taks sou pwopriyete yo nan lapòs chak trimès pou kay ki gen yon valè ki evalye a 250 000 dola oswa mwens, epi chak sis (6) mwa pou kay ki evalye a plis pase 250 000 dola. Fakti chak trimès yo gen pou vini 1ye jiyè, 1 oktòb, 1 janvyè, ak 1 avril; jeneralman w ap resevwa fakti w la nan lapòs yon mwa anvan dat la. W ap resevwa fakti chak sis (6) mwa yo nan lapòs yon mwa avan dat 1ye janvyè ak dat 1ye jiyè yo a.

Yon fwa ou resevwa fakti w la, revize li ak anpil atansyon pou asire w ou konprann non sèlman konbyen ou dwe, men ki kote kantite lajan sa a soti. Gade ti liv sa a kòm yon gid, epi aprann plis sou www.nyc.gov/finance, kote ou kapab wè tou fakti taks sou pwopriyete w la nenpòt ki lè.

KI JAN POU PEYE

Swiv enstriksyon yo sou fakti w la oswa ale sou www.nyc.gov/payonline pou aprann sou opsyon peman—elektwonik, lapòs, oswa an pèsòn—ki disponib pou ou yo.

BANK YO AK KONPAYI SÈVIS IPOTÈK YO

Si w peye taks sou pwopriyete w la atravè yon bank oswa konpayi sèvis ipotèk, ou p ap resevwa yon fakti taks sou pwopriyete nan men Depatman Finans lan sof si ou responsab pou lòt chaj, tankou twotwa ak reparasyon ijans.

avi sou valè pwopriyete

YON AVI ANYÈL AK DETAY SOU PWOPRIYETE W LA

Youn nan dokiman ki pi enpòtan ou pral resevwa nan men Depatman Finans lan se Avi sou Valè Pwopriyete a, oswa NOPV. W ap resevwa nan lapòs chak janvyè, NOPV a ap di w detèminasyon nou sou mache pwopriyete w la ak valè ki evalye yo.

Anplis mache ak valè evalye w yo, NOPV ap bay lis egzansyon aktyèl ou yo, menm si li ka pa gen ladan egzansyon ou pral resevwa nan pwochen ane fiskal la.

NOPV pa yon fakti epi li pa egzije peman. Ou pral vle kenbe avi a nan dosye w ak al gade li pandan tout ane a.

Men yon egzantp yon NOPV pou yon pwopriyete klas 1:



NOTICE OF PROPERTY VALUE Tax Year 2020-21 (This is not a bill.)

#31055878951279 January 16, 2020
JANE TAXPAYER
100 E TAXPAYER ST
BROOKLYN, NY 11230
Owner(s)
Jane Taxpayer
Property Address
100 E Taxpayer St
Borough: 3 Block: 5200 Lot: 80
Tax Class: 1 Building Class: A4 Units: 1 (residential)

YOUR NOTICE OF PROPERTY VALUE (NOPV) AT A GLANCE

2020-21 Market Value: \$950,000

2020-21 Assessed Value: \$45,000

Your property tax exemptions: Basic STAR, Senior Citizens

See below for an estimate of your 2020-21 property tax.

WHAT IS THIS NOTICE?

This is your annual notice of property value, or NOPV. **It is not a bill, and no payment is required.** This notice will:

- Inform you of the assessed value of your property for tax year for 2020-21, and tell you how to challenge it if you believe there is a mistake.
- Explain how property taxes are calculated.
- Provide an estimate of your property tax for tax year 2020-21.

Please keep a copy of this notice with your records. You may also view your NOPV and property tax bills online at www.nyc.gov/nopv.

ESTIMATED 2019-20 PROPERTY TAX

We cannot calculate your 2020-21 property tax until the new tax rate is established by the city council. Until then, you will pay the 2019-20 rate. Many factors influence your tax amount, including any exemptions and abatements you may receive.

The table below estimates the amount you will owe by multiplying the taxable value of your property by the current tax rate of 21.167%. This table is provided for informational purposes only; the actual amount you owe may differ, depending on the 2020-21 tax rate and the value of your exemptions and abatements.

Year	Taxable Value	Tax Rate	Estimated Property Tax
2020-21	\$30,000	x 21.167	= \$6,350.10

KEY DATES

March 16, 2020
Last day to request review of your market value.
(See page 2.)

Last day to challenge your assessed value.
(See page 2.)

Last day to apply for a tax exemption.
(See page 3.)

July 1, 2020
2019-20 tax year begins.

November 2020
2019-20 tax rate is determined.

January 2021
First bill with the new tax rate.

To learn more, visit
www.nyc.gov/nopv

Page 1

ABOUT YOUR PROPERTY TAXES

Property taxes are determined using a complex formula that takes into account many different amounts and calculations. Visit www.nyc.gov/nopv for more information about property valuation and taxation.

First, we estimate the MARKET VALUE of your property.	\$950,000
We start by looking at the selling prices of properties in your neighborhood with characteristics similar to those in the description of your property that appears on page three of this notice. We then use statistical analysis to determine your market value.	
Next, we determine the ASSESSED VALUE of your property.	\$45,000
We multiply your market value by an assessment ratio to determine the assessed value of your property. The assessment ratio for properties in tax class 1 is 6% for 2020-21; this is the maximum percentage of market value at which your assessed value can be set. However, there are caps on how much your property's assessed value can increase. Under state law, your assessed value cannot increase more than 6% per year or 20% over five years, regardless of increases to your property's market value, unless the increases are due to construction or renovations.	
From there we are able to determine your EFFECTIVE MARKET VALUE .	\$750,000
After applying the legal caps on your assessed value, we are able to determine your effective market value, which is the market value you are "effectively" paying taxes on. The effective market value is computed by dividing your assessed value by 6%. This number will be important should you choose to challenge our determination of your market value, as your property tax will not go down unless you can prove that your market value should be lower than the effective market value.	
Next, we subtract the value of any EXEMPTIONS you receive.	\$15,000
If you receive any exemptions, we subtract their value—your exemption value—from your property's assessed value. Your exemption value is used to calculate your taxable value (see below); it is not the dollar amount that you will save on your property taxes.	
The result is your TAXABLE VALUE .	\$30,000
After subtracting the value of any exemptions you receive, we arrive at your property's taxable value. The amount you owe in property taxes is determined by applying the city's property tax rate, which is currently 21.167%, to your taxable value. Any abatements that you receive are then applied to reduce your tax bill.	
How You Will Be Billed: Property tax bills are mailed quarterly for properties with an assessed value of \$250,000 or less and semiannually for properties assessed at more than \$250,000. If you pay your property taxes through a bank, mortgage servicing company, or co-op board, you will not receive a bill from the Department of Finance unless you are responsible for other charges, such as sidewalk or emergency repair charges.	

NOPV paj 2

PLEASE REVIEW: YOUR PROPERTY DETAILS

The Department of Finance has the following information on record for your property. Please review this information and inform us of any errors by filing a "Request to Update" form, available at www.nyc.gov/nopv or by calling 311.

Owner(s): Jane Taxpayer		Building Class: A4 (city residence one-family)	
Primary Zoning	R4A	Lot Frontage	48.50 ft
Lot Square Footage	4,947	Lot Depth	102.00 ft
Proximity	Freestanding	Lot Shape	Regular
Number of Buildings	1	Building Frontage	20.00 ft
Exterior Condition	Average	Building Depth	38.00 ft
Commercial Units	0	Style	Old Style
Garage Type	N/A	Year Built	1920
Basement Sq. Ft.	0	Finished Sq. Ft.	1,680
Exterior Wall	Composition	Unfinished Sq. Ft.	920
		Commercial Sq. Ft.	0
		Garage Sq. Ft.	400
		Basement Type	Full
		Number of Stories	2.00
		Residential Units	2
		Basement Grade	Below Grade
		Construction Type	Frame

WHAT'S CHANGED: COMPARING TAX YEARS 2019-20 AND 2020-21

	Current Year (2019-20)	Next Year (2020-21)	Change
Market Value	\$X	\$950,000	+ \$X
Assessment Percentage	6%	6%	--
Assessed Value	\$X	\$45,000	+ \$X
Effective Market Value	--	\$725,000	--
Exemption Value	\$X	\$15,000	+ \$X
Taxable Value	\$X	\$30,000	+ \$X

NOPV paj 1

NOPV paj 3

● **Deskripsyon Pwopriyete a**

Enfòmasyon debaz sou pwopriyete a: pwopriyetè, deskripsyon, klasifikasyon, ak BBL.

Idantifikasyon Pwopriyete a: BBL

Chak pwopriyete nan Vil New York gen yon idantifikasyon inik yo konnen sou non yon awondisman-blòk-nimewo pwopriyete oswa BBL. BBL la aji tankou nimewo kont ou ak Depatman Finans lan epi l ap parèt sou prèske tout avi oswa deklarasyon ou resevwa nan men nou. Asire w ou gen BBL ou nan men w lè w kontakte DOF—I ap ede nou rezoud pwoblèm ou an pi vit.

Nimewo Awondisman an toujou an premye:

1 = Manhattan	2 = Bronx	3 = Brooklyn
4 = Queens	5 = Staten Island	

Nimewo Blòk la dezyèm: Li kapab gen jiska 5 chif.

Nimewo Pwopriyete a an dènye: Li kapab gen jiska 4 chif.

● **Valè sou Mache**

Depatman Finans lan detèmine yon valè sou mache pou pwopriyete klas taks 1 ou a lè l sèvi avèk analiz estatistik ki mete ladan done tankou pri resan yo vann pwopriyete ki sanble ak pa w la nan katye w la.

● **Valè ki Evalye a**

Valè ki evalye yon pwopriyete se yon pousantaj nan valè sou mache li a. Daprè lalwa, valè evalye yon pwopriyete klas 1 pa ka ogmante pou plis pase 6% chak ane oswa 20% sou senk lane, sof si ogmantasyon valè yo se poutèt nouvo konstriksyon oswa renovasyon. Anplis de sa, valè evalye w la pa ka depase 6% nan valè sou mache kay ou a.

● **Ekzansyon**

NOPV a bay lis egzansyon ou resevwa a epi enfòm ou sou valè egzansyon w lan—rediksyon valè ki evalye a aprè egzansyon ou yo.

● **Valè Enpozab**

Valè ki evalye w la mwens valè egzansyon w lan. Valè enpozab la se sou montan kote yo takse w la.

● **Taks sou Pwopriyete yo Estime**

NOPV a bay yon estimasyon sou taks sou pwopriyete w la pou pwochen ane fiskal la. Pandan nimewo sa a se sèlman yon estimasyon, li ka ede w planifye pou ane k ap vini an.

● **Valè sou Mache ki Efektif**

Valè sou mache ki efektif pwopriyete w la se valè ki evalye li yo, anvan egzansyon, divize pa 6%. Pou Komisyon Taks la pou bese evalyasyon ou, ou dwe pwouve valè pwopriyete w la mwens pase valè mache ki efektif li yo.

APÈL VALÈ KI EVALYE A SOU

avi sou valè pwopriyete w la

Si w kwè ke nou te mete valè ki evalye w la twò wo, ou gen dwa pou rele nan apèl nan Komisyon Taks Vil New York la, yon ajans minisipal endepandan ki gen otorite pou chanje valè evalyasyon pwopriyete w la, klas taks la, ak egzansyon yo. Pou Komisyon Taks la bese evalyasyon w lan, ou dwe pwouve valè pwopriyete w la mwens pase valè mache ki efektif li yo—valè ki evalye li yo anvan egzansyon an divize pa 6%.

Pou gen aksè ak Fòm apèl Komisyon Taks la, ale sou www.nyc.gov/taxcommission. Fòm enprime yo disponib tou nan sant biznis DOF yo ak nan biwo Komisyon Taks la nan One Center Street, Sal 2400, New York, NY. (Pou antre nan One Center Street, w ap bezwen yon kat idantifikasyon ki gen foto.) Dat limit pou soumèt yon apèl pou yon pwopriyete klas 1 se 15 mas. Sa vle di Komisyon Taks la dwe resevwa apèl ou a anvan 15 mas—voye apèl ou a nan lapòs nan dat sa a pa ase.

Si w pa dakò ak detèminasyon Komisyon Taks la, ou ka ranpli yon Ti Petisyon Revizyon Evalyasyon Reklamasyon (Small Claims Assessment Review Petition, SCARP) nan Tribinal Siprèm Eta New York la. Petisyon SCARP yo disponib sou sit entènèt Biwo Tribinal Administrasyon Eta Nou York la, www.nycourts.gov, epi li dwe depoze anvan 25 oktòb. Ou pa ka depoze yon SCARP si ou pa depoze yon apèl devan Komisyon Taks la pou ane fiskal aktyèl la apati 1ye jiyè.

LÒT KOREKSYON

Si gen yon erè reyèl sou NOPV ou a (pou egzanp, deskripsyon pwopriyete w la pa kòrèk), tanpri rapòte li bay Depatman Finans lan lè w ranpli yon fòm "demann pou mete ajou", ki disponib sou www.nyc.gov/finance oswa lè w rele 311. Si ou pa dakò ak valè sou mache ki estime sou NOPV ou a, ou ka ranpli yon fòm "demann pou revize" ki disponib sou www.nyc.gov/finance oswa lè w rele 311. (Men, sonje lè w depoze nenpòt nan fòm sa yo bay DOF pa ranplase apèl valè ki evalye w la bò kote Komisyon Taks la.)

ane w la nan taks

5 JANVYE:
Piblikasyon
wòl
pwovizwa.

15 MARCH: dat limit pou fè apèl
valè ki evalye pwopriyete w la
nan Komisyon Taks NYC a.
15 MARCH: dat limit la pou
aplike pou egzansyon taks yo.

DOF lage wòl evalyasyon
final la epi pwodui fakti
taks sou pwopriyete pou
ane fiskal la apati 1ye jiyè.

Ou resevwa premye
fakti taks sou
pwopriyete w la pou
nouvo ane fiskal la.

JANVYE

FEVRIYE

MAS

AVRIL

ME

JEN

resous

Biwo Avoka kontribyab la

Si ou te fè yon efò rezonab pou rezoud yon pwoblèm taks ak Depatman Finans lan men ou santi ou pa t resevwa yon repons satisfèzan, Biwo Avoka Kontribyab la ka ede w.

Pou jwenn èd nan men Biwo Avoka Kontribyab la, ale sou www.nyc.gov/taxpayeradvocate epi ranpli fòm DOF-911, "Mande Biwo Avoka Kontribyab la èd." Ou ka kontakte Biwo Avoka Kontribyab la tou dirèkteman:

Rele: (212) 748-4785

Faks: (646) 500-6907

Lapòs: NYC Office of the Taxpayer Advocate, 375 Pearl Street, 26 zyèm Etaj, New York, NY 10038

Komisyon Taks NYC a

Komisyon Taks New York City a (New York City Tax Commission) se yon ajans endepandan ki gen otorite pou chanje valè ki evalye, klas taks, ak egzansyon pwopriyete w lan.

Tout fòm apèl yo disponib sou sit entènèt Komisyon Taks la, www.nyc.gov/taxcommission. Ou ka rele Komisyon Taks la nan (212) 669-4410.

sou pwopriyete yo

Yon nouvo ane fiskal kòmanse; yo takse w nan pousantaj taks ane anvan an, si pousantaj pou nouvo ane fiskal la pa t adopte anvan 6 jen.

Konsèy minisipal la vote sou pousantaj taks yo ak majistra a siyen sou yo. Souvan, akòz desizyon règleman yo pou modifye distribisyon aksyon klas prelèvman taks la, pousantaj taks yo pa fini jouk mwa Novanm. Paske nou prèske nan mwatye nan ane fiskal la soti nan lè yo aplike pousantaj sa yo, nou rekalkile taks ou yo pou premye pati nan ane a nan nouvo pousantaj la.

JYÈ

OUT

SEPTANM

OKTÒB

NOVANM

DESANM

glosè

Abatman:

Vil New York ofri alèjman taks yo konnen sou non abatman yo aplike apre yo fin kalkile montan taks ou dwe peye a.

Valè ki Evalue a:

Valè ki evalue yon pwopriyete se yon pousantaj nan valè sou mache li a. Daprè lalwa, valè evalue yon pwopriyete klas 1 pa ka ogmante pou plis pase 6% chak ane oswa 20% sou senk lane, sof si ogmantasyon valè yo se poutèt nouvo konstriksyon oswa renovasyon. Anplis de sa, valè evalue w la pa ka depase 6% nan valè sou mache kay ou a.

Pwopòsyon Evalyasyon:

(oswa Pousantaj Evalyasyon/Nivo Evalyasyon) Valè ki evalue w la baze sou pousantaj valè sou mache w la; yo konnen pousantaj sa a sou non pwopòsyonevalyasyon ou.

Valè sou Mache ki Efektif:

Valè sou mache ki efektif pwopriyete w la se valè ki evalue li yo, anvan egzansyon, divize pa 6%. Pou Komisyon Taks la pou bese evalyasyon ou, ou dwe pwouve valè pwopriyete w la mwens pase valè mache ki efektif li yo.

Ekzansyon:

Vil New York ofri alèjman taks yo konnen kòm egzansyon pou granmoun aje yo, veteran yo, manm klèje yo, moun ki andikape yo, ak lòt yo. Si yo ba ou yon egzansyon, yo soustrè li nan valè ki evalue kay ou a, diminye valè enpozab ou a. (Yon egzansyon diferan de yon abatman (rediksyon), yon kalite alèjman taks ki diminye taks ou dwe peye a apre yo fin kalkile l.)

Valè sou Mache:

Depatman Finans lan detèmine yon valè sou mache pou pwopriyete klas taks 1 ou a lè l sèvi avèk analiz estatistik ki mete ladan done tankou pri resan yo vann pwopriyete ki sanble ak pa w la nan katye w la. Pwopriyete ki sanble yo se sa yo ki prèske gen menm gwosè, menm estil, ak menm laj ak pa w yo. Valè sou mache sa a se pou rezon taks sèlman.

glosè

Klas taks:

Pwopriyete nan Vil New York yo divize an kat (4) klas, yo trete yo chak yon fason diferan dapre lalwa.

- Klas 1:** Majorite pwopriyete rezidansyèl ki gen youn jiska twa (3) inite yo. Gen ladan tou sèten tè vid ak sèten kalite kondominyòm (pwopriyete a 2).
- Klas 2:** Pwopriyete rezidansyèl ki gen plis pase 4 inite, ki gen ladan kondo ak koperativ yo
- Klas 3:** Ekipman konpayi sèvis piblik la ak pwopriyete ki gen franchiz espesyal
- Klas 4:** Tout lòt pwopriyete reyèl, ki gen ladan bilding biwo, faktori, magazen, ak otèl.

Tariff Taks:

Tarif Vil New York takse klas pwopriyete w la. Konsèy minisipal la fikse pousantaj sa a chak ane epi li ka chanje.

Valè Enpozab:

Valè ki evalye w la mwens valè egzansyon w lan. Valè enpozab la se sou montan kote yo takse w la.

